# QARAQALPAQSTANDA AWÍZEKI TARIYXTÍ IZERTLEW TARIYXÍ: QÁLIPLESIWI HÁM RAWAJLANIW BASQISHLARÍ

**Toreniyazov J. E., Jalǵasbaeva G.**
*QMU "Ózbekstan hám Qaraqalpaqstan tariyxı" kafedrası docenti w.a. PhD*

**Kirisiw.** Búgingi kúnde awızeki tariyx (oral history) tariyxtanıwshılıqtıń áhmiyetli baǵdarlarınan biri sipatında tán alınbaqta. Ol tek ǵana tariyxıy waqıyalardı hújjetlestiriw emes, al sociallıq yadtı tiklew, jámiyettiń hár qıylı qatlamlarınıń tájiriybesin úyreniwde de áhmietli dárek bolıp esaplanadı. «Awızeki tariyx» ataması payda bolǵanına kóp bolmaǵan, biraq, «awızeki tariyx» túsinigi jańa emes, tariyx payda bolıwı menen awızeki tariyx júzege kelgen, ol tariyxtıń birinshi túri edi. Jazıw bolmaǵan jámiyetlerde awızeki dástúrlerdiń isenimliligi kúshli edi. Mısalı, Áyyemgi Greciyada eski qurallar hám qalanıń qarabaqanaları qaldıqları anıq 600 jıl dawamında «Iliada»nıń jazba variantları payda bolǵanǵa shekem awızeki formada saqlanıp kelgeni ilimiy tastıyıqlanǵan[1.183].

Házirgi zamanda da adamlar máresimler, ismler, qosıqlar, tariyxtı yadta saqlap qaladı hám keyingi áwladqa maǵlıwmatlardı hújjetler arqalı jetkerip beriw kepillenedi. Demek, jámiyette húrmetke sazawar bolǵan dástúriy awızeki ráwiyatlar eń ázzi tárepi bolǵan. Awızeki tariyx jańa ilim tarmaǵı hám jańa metod sıpatında XX ásirdiń ekinshi yarımınan qáliplese baslaǵan. Awızeki tariyx metodınıń tiykarın salıwshısı sıpatında amerikalı jurnalist Jo Gulda tán alınadı. Ol, «Biziń dáwirimizdegi awızeki tariyx» kitabın jazıw menen tariyx metodına tiykar saladı. Bul shıǵarma AQShda baspadan shıǵarıldı. AQSh tariyxshı-izertlewshileri usı metodtıń sociallıq ilimler sistemasına kirip keliwine úlken salmaq qosqan. AQShda 1948-jılı Kolumbiya universiteti janında awızeki tariyx orayı jumıs baslaydı. 1967-jılı usı mámlekette awızeki tariyx associaciyası shólkemlestiriledi. Awızeki tariyxtıń qáliplesiwi hám rawajlanıwına bir qansha faktorlar sebep bolǵan. Sonıń ishinde, tariyx ilimleri tarawındaǵı ózgerisler, jańa málimleme texnologiyalarınıń rawajlanıwı, maǵlıwmatlardı jetkerip beriw hám saqlaw usıllarınıń ózgeriwi hám rawajlanıwı usılardıń qatarına kiredi.

Awızeki tariyxtıń tiykarǵı metodları tómendegilerden ibarat: intervyu alıw; audio hám video jazıwlardı arxivlew; narrativ analiz; kontekstual tariyxıy salıstırıw.

Qaraqalpaqstan aymaǵında awızeki tariyxıy miyras uzaq ásirlik dástúrlerge iye bolıp, ol xalıq awızeki dóretiwshiligi, folklortanıw hám etnografiya menen tıǵız baylanısta rawajlandı. Qaraqalpaqstanda awızeki tariyx izertlewleriniń qáliplesiwi bir neshe basqıshta ótti: dástúriy awızeki miyras dáwiri, sovet dáwiri ilimiy-etnografiyalıq izertlewler basqıshı hám ǵárezsizlik dáwirinde milliy tariyxtı qayta talqılaw basqıshı.

**Qaraqalpaqstanda awızeki tariyxtıń dástúriy tamırları.** Tarıyxımızdı tereń úyreniw hám onnan durıs juwmaq shıǵarıw ushın xalıq xojalıǵınıń barlıq tarawlarına úles qosqan insanlardıń eske túsiriwlerin úyreniw úlken áhmiyetke iye. Olardıń eske túsiriwleri keleshek áwladtı tárbiyalawda hám ótmishten juwmaq shıǵarıp keleshekke durıs baǵdar alıwda xizmet etedi. Hár bir elde óz xalqınıń tereń izzet-húrmetine bólengen, bálent mártebeli, abıraylı adamları boladı. Xalıq óziniń bunday ájayıp perzentlerin húrmetlep eske alıp turadı. Sebebi olardıń ómir jolı, turmıs tájriybesi keyingi áwladqa jol kórsetip otıradı. Sonlıqtan da, eske túsiriwlerdi ilimiy jaqtan izertlewge dıqqat awdarıw búgingi kúnniń ilimiy mashqalalarınıń biri bolmaqta. Sonlıqtan xalqımız arasınan shıqqan belgili insanlar hár bir dáwirde de ushırasadı. Olar jámiyetimizge tariyxımızdıń gúwa bolǵanınday barlıq dáwirlerinde xizmet etip kiyatır. Sol ushın, olardı qádirlew, xizmetlerin hám olar haqqındaǵı eske túsiriwlerdi úyreniwimiz kerek. Áwladtan-áwladqa ótip kiyatırǵan tariyxıy dástúrlerimizdi bilgen hár qanday insan jetik insan bolıp jetilisedi.

Qaraqalpaqstan tariyxındaǵı aktual máselelerdiń biri hám bir insannıń ata tegin biliwi, xalqınıń rawajlanıwına úles qosqan insanlardıń tariyxına itibar berip, onnan órnek alıwı. Sebebi hár bir insannıń ulǵayıp er jetiwinde, jámiyette óziniń ornın iyelewde, óziniń kelip shıǵıw tariyxın biliwi xalqımızdıń rawajlanıwındaǵı ornı, olardıń bay turmıslıq tájriybesi insandi tárbiyalap baradı. Sonlıqtanda tariyxta iz qaldırǵan insanlardıń eske túsiriwlerin úyreniw hám jámiyetshilikke úgit-násiyat etiw hár bir insannıń wazıypası bolıwı tiyis. Bul óz gezeginde olardıń hám solar arqalı sol dáwirdiń tariyxın úyreniwge keń múmkinshilikler jaratıp beredi. Bulardıń barlıǵı tariyxımızǵa bolǵan qızıǵıwshılıǵınıń ósip baratırǵanlıǵın kórsetiw menen birge úyreniliwi tiyis bolǵan máselelerdiń kóp ekenligin kórsetip bermekte[2.136-137]. XX ásir baslarında qaraqalpaq folklorın jıynaw hám izertlew jumısları jedellesti. Bul baǵdarda belgili ilimpaz S.P. Tolstov basshılıǵındaǵı Xorezm arxeologiyalıq-etnografiyalıq ekspediciyası áhmietli rol oynadı. Ekspediciya dawamında tek ǵana materiallıq mádeniyat estelikleri emes, al awızeki ráwiyatlar hám etnografiyalıq maǵlıwmatlar da atap ótildi.

**Sovet dáwirinde awızeki tariyx izertlewleri.** Sovet dáwirinde awızeki tariyx óz aldına ilim sıpatında emes, al folklortanıw hám etnografiyanıń quramında úyrenildi. Bul dáwirde awızeki derekler tiykarınan klasslıq gúres, sociallıq teńlik hám sovet ideologiyası kózqarasınan talqılanadı. Qaraqalpaqstanda 1930-1980-jıllarda ótkerilgen ilimiy ekspediciyalar dawamında: kollektivlestiriw procesleri; uris jılları estelikleri; dástúriy turmis tárizi; ruw-qáwim shejireleri haqqında awızeki magliwmatlar toplandı. Biraq bul dáwirde siyasiy sheklewler sebepli ayırım tariyxıy waqıyalar hám repressiya qurbanları haqqında ashıq aytıw imkaniyatı sheklengen edi.

Aytıw orınlı búgingi kúnge shekem ayrım Qaraqalpaq xalqınan shıqqan el azamatlarınıń eske túsiriwleri tiykarında memuar kitapları jarıq kórdi. Qaraqalpaqstannıń belgili aqsaqallarınıń biri, mámleketlik hám jámiyetlik ǵayratker Qallibek Kamalovtıń "El xızmetinde" kitabı eske túsiriwlerden ibarat bolıp, negizinen ol el basqarǵan 60-80-jıllardaǵı waqıyalardı óz ishine aladı. Kitapta Qaraqalpaqstannıń ekonomikalıq, sociallıq hám mádeniy rawajlanıwına baylanıslı kóp tariyxıy waqıyalar, faktlar, sonday-aq bir qatar turmıslıq problemalarǵa, sonıń ishinde, til, ádebiyat hám tariyx ilimlerine baylanıslı oy-pikirleri berilgen. Jas áwladlardı tárbiyalaw máseleleri boyınsha avtor óz pikirleri menen

ortaqlasadı, jaslarǵa óziniń jas úlkenlik násiyatların aytadı[3.472.]. Bul kitap 4 márte: 1995, 2018, 2019, 2021-jıllarda qayta basıldı. Qallibek Kamalov 1963-jıl mart – 1984-jıl 13-avgust aralıǵı yaki 21 jıl 5 ay basshılıq etken[3.18].

**Ǵárezsizlik dáwirinde awızeki tariyxtıń jana basqıshı.** 1991-jildan keyin Ózbekstan ǵárezsizlikke erisiwi menen tariyxtanıwda jana metodologiyalıq jantasıwlar payda boldı. Awızeki tariyx milliy ózlikti ańlaw hám tariyxıy ádillikti tiklew quralına aylandı. Ózbekstan Ilimler akademiyası sistemasındaǵı ilimiy mákemeler hám Qaraqalpaq gumanitar ilimler ilimiy-izertlew institutı tárepinen ámelge asırılǵan izertlewlerde awızeki dáreklerge ayrıqsha itibar qaratıldı.

Ǵárezsizlik dáwirinde tómendegi baǵdarlar rawajlandı:

1. Repressiya hám súrgin estelikleri.
2. Aralboyı ekologiyalıq apachılıǵı gúwaları menen intervyuler.
3. Jergilikli tariyx (mikrotariyx) izertlewleri.
4. Dástúriy mádeniyat hám diniy miyrastı qayta úyreniw. Atap aytqanda, Aral teńizi apachılıǵı menen baylanıslı awızeki gúwalıqlar aymaqtıń ekologiyalıq hám sociallıq tariyxın sáwlelendiriwde áhmietli dárekke aylandı.

2022-jılı 31-avgustta Prezidentimiz Sh.M.Mirziyoyev Sheyitler esteligi qıyabanında repressiya qurbanların eslew máresimindegi shıǵıp sóylewinde: “"Búgin de jolda oylanıp kiyatırman. 30-jıllardı eski tariyx dese, "paxta isi" ne?! Jetekshilerimizdi repressiyalaw ushın jalǵan ayıplawlar oylap shıǵardı-ǵo. Basqa respublikalarda kemshilik joq pa edi? Bunday ashınarlı waqıyalardı hesh qashan umıtıp bolmaydı. Búgingidey bayramlarda, tınısh-tatıw kúnlerde usılardı da júregimizden ótkerip, jaslarımızǵa jetkeriwimiz kerek”[4], degen edi.

Birinshi Prezidentimiz I.A.Karimov:..." xalqımız keshegi tariyxımızdı qanday awır kúnlerdi kórgenin jaslarımızǵa kim túsindirip beredi? Eger bul haqıyqattı balalarımızǵa biz jetkermesek, kim jetkeredi? "[5.257.] degen edi. Haqıyqatında da, tariyxtı, ásirese jaqın tariyxımızdı bilmesten, ǵárezsizlik ne ekenligin bilmey turıp, ǵárezsizliktiń qádirine jetiw qıyın boladı. Kim bizge bul tariyxtı bayanlap beredi?

Bul haqqında "Ana jurtımızdıń baxıt-ıǵbalı hám ullı keleshegi jolında xızmet etiw - eń joqarı baxıt bolıp esaplanadı" kitabında:..." mine, usı uzaq hám jaqın tariyx haqqındaǵı haqıyqattı jazıwǵa, onı perzentlerimizge jetkeriwge umtılatuǵın pidayı adamlar, tilekke qarsı, oǵada az"[5.111.], - delinedi. Bunda jaslar tárbiyasına da unamlı tásir jasawımız sózsiz. Kitapta, sonday-aq, "dáslep ǵárezsizlikke erisiw aldındaǵı awır kúnlerdi tikkeley kórgen, usı waqıyalardıń gúwası bolǵan adamlardıń esteliklerin jazıp alıw zárúr"[6.] dep atap ótilgen. Bunda awızeki tariyxtıń da ózine tán áhmiyeti bar.

**Metodologiyalıq mashqalalar hám perspektivalar.** Qaraqalpaqstanda awızeki tariyx izertlewleri aldında bir qatar mashqalalar bar: Intervyulardı professional dárejede jazıp alıw hám arxivlew sistemasınıń jeterli emesligi; Sanlı arxivler bazasınıń sheklengenligi; Metodologiyalıq qollanbalar hám arnawlı tayarlıqtıń azlıǵı; Jas izertlewshilerdi tartıw zárúrligi. Keleshekte tómendegi baǵdarlar ayrıqsha áhmietke iye: Awızeki tariyx boyınsha arnawlı ilimiy oray shólkemlestiriw; Audio-video arxivler jaratıw; Xalıqaralıq tájiriybeni engiziw; Joqarı bilimlendiriw mákemelerinde arnawlı kurslar ashıw.

**Juwmaq.** Qaraqalpaqstanda awızeki tariyx izertlewleri áyemgi awızeki dástúrler tiykarında qáliplesken bolıp, XX ásirde ilimiy-etnografiyalıq izertlewler arqalı rawajlandı. Ǵárezsizlik dáwirinde bolsa awızeki tariyx milliy yadtı tiklew hám tariyxıy haqıyqatlıqtı sáwlelendiriwde áhmietli quralǵa aylandı.

Aymaqta awızeki tariyxtı bunnan bılay da rawajlandırıw ushın zamanagóy metodologiyalardı engiziw, sanlastırıw processlerin kúsheytiw hám ilimiy kadrlar tayarlaw áhmietli wazıypa bolıp qalmaqta. Awızeki tariyx Qaraqalpaqstannıń bay tariyxıy miyrasın saqlaw hám keleshek áwladlarǵa jetkeriwde áhmietli ilimiy baǵdar sıpatında óz áhmietin saqlap qaladı.

## ÁDEBIYATLAR


1. Шадманова С.Б., Юлдашев М.М. Тарийхый изертлеўлердиң методологиясы ҳәм заманагөй усыллары. – Н.: «Билим», 2020.
2. Сайманов С., Кушербаев А. Еске түсириўлерди үйрениўдиң әҳмийети // «Ғәрезсизлик жылларында Қарақалпақстанда археология илиминиң раўажланыўы» атамасындағы Республикалық ИТК материаллары. – Н., 2015.
3. Камалов К. Ел хызметинде. – Нөкис: «Билим», 2021.
4. https://uznews.uz/ru/posts/58285
5. Каримов И.А. Она юртимиз бахту иқболи ва буюк келажаги йўлида хизмат қилиш – энг олий саодатдир. – Тошкент: Ўзбекистон, 2015.
6. Халқ сўзи. 2015 йил, 13 январь. http://uza.uz/oz/



**Rezyume.** Ushbu maqolada Qoraqalpog‘istonda og‘zaki tarix tadqiqotlarining shakllanishi va rivojlanish bosqichlari tahlil qilinadi. Hududda og‘zaki tarixiy xotira va an’anaviy rivoyatchilik madaniyati qadimiy ildizlarga ega bo‘lib, u asosan xalq og‘zaki ijodi, dostonchilik va geneologik rivoyatlar orqali saqlanib kelgan. XX asrning ikkinchi yarmidan boshlab ilmiy-etnografik tadqiqotlar doirasida og‘zaki tarixiy materiallarni to‘plash va tahlil qilish ishlari tizimli tus oldi. Mustaqillik davrida esa og‘zaki tarix milliy xotirani tiklash va tarixiy adolatni qaror toptirish vositasi sifatida yangi bosqichga ko‘tarildi. Maqolada Qoraqalpog‘istonda og‘zaki tarix tadqiqotlarining asosiy yo‘nalishlari, muammolari va istiqbollari yoritilgan.



**Tayanch iboralar:** og‘zaki tarix, tarixiy yodgorlik, Qoraqalpog‘iston, folklor, etnografiya, milliy o‘zlik, dostonchilik.



**Резюме.** В данной статье анализируются этапы формирования и развития исследований устной истории в Каракалпакстане. Устная историческая память и традиционная культура повествования в регионе имеют древние корни и сохраняются в основном через устное народное творчество, эпосы и генеалогические предания. Со второй половины XX века в рамках научно-этнографических исследований работа по сбору и анализу устных исторических материалов приобрела системный характер. В период независимости устная история поднялась на новый уровень как средство восстановления национальной памяти и установления исторической справедливости. В статье освещаются основные направления, проблемы и перспективы исследований устной истории в Каракалпакстане.



**Ключевые слова:** устная история, исторический памятник, Каракалпакстан, фольклор, этнография, национальное самосознание, эпос.

**Summary.** This article analyzes the stages of formation and development of oral history research in Karakalpakstan. Oral historical memory and traditional storytelling culture in the region have ancient roots and are preserved mainly through oral folk art, epics, and genealogical traditions. Since the second half of the 20th century, within the framework of scientific and ethnographic research, work on collecting and analyzing oral historical materials has acquired a systematic character. During the period of independence, oral history has risen to a new level as a means of restoring national memory and establishing historical justice. The article highlights the main directions, problems, and prospects of oral history research in Karakalpakstan.

**Keywords:** oral history, historical monument, Karakalpakstan, folklore, ethnography, national identity, epic.

---